



## **PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL POU GWOUP TRAVAY ADMISYON LEKÒL EGZAMEN KOMITE LEKÒL BOSTON AN**

**4 Jen 2021**

Gwoup Travay Admisyon Lekòl Egzamen Komite Lekòl Boston an te fè yon reyinyon a distans nan jou 4 jen 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik ki anba yo, ale sou <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye yon imèl nan [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston an nan (617) 635-9014.

### **PREZANS**

Manm Gwoup Travay Admisyon Lekòl Egzamen ki te Prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidant Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Simon Chernow; Matt Gregor; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; Rosann Tung; ak Tamara Waite.

Manm Gwoup Travay Admisyon Lekòl ki te Absan: Katherine Grassa; ak Tanya Freeman-Wisdom.

Pèsonèl BPS ki te Prezan: Monica Roberts, Chef Avansman Elèv, Fanmi ak Kominote; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

### **DOKIMAN KI TE PREZANTE**

Ajanda

Pwosè Vèbal Reyinyon: Reyinyon 28 Me 2021

Prezantasyon: Gwoup Travay Lekòl Egzamen: Posib Varyab Trak Resansman Siplemantè

### **APÈL A LÒD**

M. Contompasis te rele reyinyon an a lòd. Li te anonsé te gen sèvis entèpretasyon similtane disponib an Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, Arab, Somalyen,

ak Lang Siy Ameriken (ASL); entèprèt yo te prezante tèt yo epi yo te bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou kijan pou moun aksede entèpretasyon similtane depi yo chanje chèn Zoom nan.

Me. Parvex te rele woulo a. Me. Grassa ak Dr. Freeman-Wisdom te absan. Me. Skerritt te rive apre apèl woulo a.

### **APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON: 28 ME 2021**

*Apwouve – Gwoup Travay la te inaniman apwouve pwosè vèbal pou reyinyon Gwoup Travay Admisyon Lekòl Egzamen 28 Me 2021 an.*

### **DISKISYON**

Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite, te revive plis done ak similasyon Gwoup Travay la te mande ki gen rapò ak rezulta admisyon lekòl egzamen yo pou Ane Skolè 2021-2022.

Me. Hogan te prezante yon swivi sou etaj trak resansman yo. Li te di li te panse te genyen yon konsansis otou uit etaj ak pwopòsyon pou timoun nan ane 5 a 8. Li te di tou te gen moun ki te anvi fè etaj yo pi egal nan gwosè yo. Li te prezante kat opsyon differan pou manm yo. Epi tou li te prezante yon vèsyon endèks konsantrasyon an ekstrèm yo ki net rasyalman kay ak wo revni opoze a kay ak revni ki ba). Me. Sullivan te mande si li te posib pou yo konvèti tout kat ak tout katye y ekri. Apre sa manm yo te gade done yo nan konparezon jeneral la pou opsyon etaj yo. M. Chernow te fè kòmantè konsa, selon done yo, li te sanble plis privilèj elèv la genyen, plis chans li ta genyen pou yo envite li.

Me. Hogan te prezante seri similasyon 1: 20% distribye nan tout vil la, 80% distribye selon etaj ak seri similasyon 2: 100% distribye selon etaj. Similasyon yo te selon estati ekonomik, kòd postal, ak ras.

Dr. Tung te di sa se te omwens twazyèm fwa a manm yo te wè done ki te montre ke aloke 20% nan tout vil la te kontribye nan inekite epi li te panse yo ta sipoze ap pale de aloke 20%-80% .

M. Contompasis te mansyone yo pa dwe meprize akonplisman epi 20% an te reflete elèv ki te gen dwa jwe selon règ yo. Me. Sullivan te di done yo te montre majorite a nan 20% an te plis moun blan ak rich. M. Chernow te ajoute li te difisil pou yo pale de akonplisman san yo pa pale de kontèks vil Boston an nan kontèks rasis estriktirèl.

Dr. Tung te ajoute ke tèm travay di, merite, ak jwe selon règ yo, se te tèm ki te sèvi plizyè fwa ak enplikasyon ke elèv ki te fè pi bon mak yo te travay pi di epi merite l plis pase lòt elèv yo, malgre anpil etid ki te montre ke seleksyon se yon mezi revni familyal ak nivo edikasyon, ole de merit.

Dr. Tung te ajoute li te panse yo dwe sèvi ak trak resansman an kòm baz la pou seleksyon pou yo kenbe divèsite katye yo, e pa etaj. Me. Sullivan te ajoute ke si yo sèvi ak trak resansman an olye

de kòd postal, yo te ka pa sèlman konsève divèsite yo te jwenn nan politik pwovizwa a, men li t ap tou leve defi sosyo-économik la. Li te ajoute ke ak plan pwovizwa a, plis elèv sòti nan katye diferan nan vil la te envite nan lekòl egzamen yo, epi pou li menm sa se te yon viktwa. Li te kontinye pou li di sa a se te yon viktwa pou rezon diferan, premyèman, kòm sa yo se te lekòl nan tout vil la, yo te sipoze gen elèv ki sòti nan tout katye yo, dezyèmman, poutèt moun konnen byen ke timoun ki aprann nan men lòt timoun nan katye diferan anrichi eksperyans edikatif la, epi finalman, paske li te enpòtan pou yo triye li, nan yon laj bonè, silo katye yo nan Boston.

M. Acevedo te mansyone tou enpòtans nan konsève divèsite katye ke gwoup travay la te atenn atravè politik pwovizwa a epi ak done ki nan similasyon yo, sèvi ak etaj, oswa jeyo-kòd, yo te ka ògmante divèsite sosyo-économik tou. Li te mansyone ke menm ak apwòch 20%-80% an, yo te wè yon ògmantasyon nan divèsite. Me. Sullivan te obsève ke li pa te janm dakò ak 20%-80% an pandan yo te yon gwoup travay kòm sa te prezève elitis toujou.

M. Gregor te raple manm yo ke gwoup travay la te dakò sou 20%-80% an paske yo te konnen ta gen katye kote ta gen potansyèl pou yo pa gen anpil elèv ki admèt menm, epi 20% an te pèmèt opòtinite a pou yo ede korije limit sa.

Me. Sullivan te mande manm yo diskite kijan yo ta kreye poul la. Li te di avan pandemi a, te genyen de faktè sèlman; evalyasyon ak Mwayen Mak yo (GPA), men manm yo te tandé anpil lòt faktè tankou rekòmandasyon edikatè, redaksyon, pòtfolyo, elatriye. Li te di te genyen manm ak pozisyon opoze sou yon evalyasyon posib epi fòk yo ta rive nan yon konsansis, kòm sa pi bon pou vil la. Epi tou li te bay yon apèsi sou kalandriye a pou semèn k ap vini yo epi li te di manm yo ke Ko-Prezidan yo ta prezante yon mizajou sou estati a devan Komite Lekòl la nan pwochen reyinyon an ki pwograme pou 9 jen. Yo ta prezante de a twa rekòmandasyon sou kalifikasyon nan poul la pou konsiderasyon, ak de a twa rekòmandasyon sou mekanis pou alokasyon syèj yo. Li te mansyone tou ke ta genyen de seyans ekout ki fèt ansanm ak Komite Lekòl la pou yo tandé reyaksyon spesifikman sou sa yo prezante a epi yo ta prezante rekòmandasyon yo devan Komite Lekòl la nan pwochen reyinyon yo nan mwa jen.

Me. Sullivan te bay yon apèsi sou diferan posibilité yo pou evalyasyon; MCAS, kwasans MAP epi tou MAP ki sèvi kòm yon mezi akonplisman.

M. Acevedo te di li ta enterese itilize MAP la kòm yon endikatè kwasans, ki ta egzije yo bay MAP la omwens de fwa, sitou jan NWEA a te rekòmande yo itilize li kòm yon zouti kwasans olye de yon evalyasyon. Me. Lum te di li pa te opoze a yon evalyasyon, men li te vle pouse itilizasyon yon GPA ki pi konprenansif pase sèlman nan ELA ak matematik.

M. Gregor te di li pa te opoze yon egzamen men li te vle pi bay mwens fado ki posib. Li te di si yon elèv te fè mak MCAS ki te montre yo t ap pèfòme nan oswa pi wo pase nivo klas yo, yo te ka itilize yo olye de kwasans MAP, epi si yon elèv te fè mak yo nan kwasans MAP la yo dwe itilize sa san MCAS la. Li te di tou li te ouvè pou li tandé kijan pou yo enkòpore kwasans an plis de akonplisman kòm yon fason siplemantè pou demontre preparasyon elèv yo pou yo patisipe nan lekòl egzamen yo. Li te konkli ke li te panse chaj yo se te pou yo retire baryè pou yo bay opòtinite edikatif epi si yo ta bay yon egzamen, se pou li fèt nan yon manyè ki te ka plis elimine baryè sa yo.

M. Chernow te di li te opoze a itilize yon evalyasyon pou admisyon nan lekòl egzamen yo kòm li te kontinye ap sipòte rasis sistemik, epi li te tan pou Gwoup Travay la fè kèk chanjman radikal. Li te fini ak site Dr. Ibrim X. Kendi, li te di "tès estandardize yo te devni zam rasis pi efikas ki te janm kreye pou yo objektifman denigre sèvo moun nwa epi legalman eskli kò yo."

Me. Aguirre te di li pa te opoze a fè yon evalyasyon epi li te mande si elèv ki pa nan BPS yo te ka pase MCAS la.

M. Contompasis te di pou tès MAP la sèvi pou detèmine kwasans, fòk distri a ta resevwa yon manda pou yo bay tès sa nan tout nivo klas yo epi nan tout lekòl yo epi li pa te konnen kijan sa ta mache pou elèv ki pa nan BPS yo. Epi tou li te raple manm yo ke yo pa te bay MCAS la ane pase. Li te di tou ke fòk yo ta rive nan konsansis sou fè yon evalyasyon ak kijan yo ta itilize rezulta yon evalyasyon pou gwoup k ap antre a youn lane apre Septanm.

Me. Skerritt te di ke lidè lekòl yo tankou Dr. Freeman-Wisdom, Me. Grassa, ak li menm te tout an favè yon evalyasyon. Li te di li santi yo t ap bay legen si yo panse sèl fason pou yo jwenn yon kominote ki divès nan lekòl egzamen yo se pou yo aksepte ke yo t ap oblige retire yon egzamen, paske pa gen okèn fason pou yo nan konpetisyon ak endistri prep la nan Boston. Li te ajoute pa gen anyen ak moun ki konpoze egzamen yo, men egzamen an te yon refleksyon preparasyon elèv yo.

Me. Nagasawa te di li te ouvè pou yo bay yon evalyasyon oubyen pa bay youn. Li te panse GPA pa dwe sèl mezi akonplisman akademik poutè presyon sa mete sou pwofesè yo epi si yo te ka jwenn yon opsyon ki pa itilize yon egzamen men genyen yon lòt faktè ladan li, li pa t ap gen pwoblèm ak sa. Li te di tou li ta ouvè a itilize kwasans MAP la.

Me. Sullivan te mande si te genyen yon senaryo kote manm yo ta aksepte yon pwopozisyon ki te genyen yon evalyasyon ladan li. M. Chernow te di li gen volonte tandem lòt pèspektiv ak lòt sigjesyon ki te ka enplike yon egzamen. Dr. Tung te di li pa te ka sipòte itilizasyon yon egzamen etandone chaj yo ak istwa de plizyè jenerasyon esklizyon.

Me. Sullivan te di li lite ak ranfòse sistèm opresyon. Li te mansyone tou li te enkyete pou elèv BPS ki gen gwo dezavantaj nan mande yo konpoze yon sèl gwo egzamen enpòtan apre yon ane trè difisil ak pandemi a. Li te di yo te ka itilize kwasans MAP la ak/oswa petèt yon opsyon akonplisman, ki genyen ladan li faktè tankou rekòmandasyon edikatè, redaksyon, oswa videoyo nan men elèv la. Li te panse tou de itilize mak nan 6yèm ane nan premye trimès la nan matematik, ELA, etid sosyal ak syans. Li te di li t ap eseye itilize plis faktè pou yo vin "pi pre elèv la" epi ba yo plis opòtinite pou yo demontre entèlijans yo ak potansyèl yo, pandan li rekonèt tout faktè sa yo nan youn fason oswa yon lòt, bay pwoblèm.

Li te konkli nan di yo t ap prezante de pwopozisyon ki genyen yon evalyasyon ak youn san yon evalyasyon epi li te mande manm yo si te genyen objeksyon nan pwopozisyon yo. Pa te genyen.

Me. Skerritt te mande lè yo sipoze prezante sa a devan Komite Lekòl la, li te panse li t ap enpòtan pou yo akonpaye tout senaryo yo ak operasyon ki enplike kòm li t ap nesesè pou yo konprann gam nan ak pèsonèl ki t ap nesesè pou yo egzekite senaryo diferan yo.

### **KÒMANTÈ PIBLIK JENERAL**

- Yufang Rong, rezidan West Roxbury, paran elèv nan Boston Latin School (BLS), te temwaye kont tiraj oswa mezi jeyografik kòm kritè pou admisyon.
- Mei Yu, rezidan Roxbury, paran elèv nan Josiah Quincy Elementary School (JQES), te temwaye kont kòd postal kòm kritè pou admisyon.
- Stuart Wang, rezidan Jamaica Plain, paran, te temwaye kont tiraj oswa mezi jeyografik kòm kritè pou admisyon.
- Jingsong Cao, rezidan West Roxbury, paran elèv nan Lekòl Piblik Boston (BPS), te temwaye an favè ranwaye kalandriye a ak vòt Gwoup Travay la.
- Steve Yang, rezidan West Roxbury, paran, te temwaye an favè yon egzamen pou kritè pou admisyon.
- Kelly Wang, rezidan South End, Komite Konsiltatif pou Etajè Lang Anglè pou Distri a (DELAC), te temwaye an favè yon egzamen ak GPA pou kritè pou admisyon.
- Leah Wu, rezidan Charlestown, paran elèv nan JQES, te temwaye an favè yon egzamen.
- Jodie Cen, rezidan Charlestown, paran elèv nan JQES, te temwaye an favè yon egzamen.
- Shirley Weng, rezidan Brighton, paran elèv nan JQES, te temwaye kont kòd postal la kòm kritè pou admisyon.
- Xiuzhen Lin, rezidan South Boston, paran elèv nan JQES, te temwaye kont kòd postal ak tiraj kòm kritè pou admisyon.
- Jenny Xie, rezidan Brighton, paran te temwaye kont kòd postal ak tiraj kòm kritè pou admisyon.
- Kelly Liao, rezidan Chinatown, paran, te temwaye an favè yon egzamen ak GPA kòm kritè pou admisyon.

### **KÒMANTÈ AN KONKLIZYON**

Ko-Prezidan yo te remèsyé manm yo ak piblik la.

### **AJOUNE**

A apeprè 8:30 p.m., Komite a te vote inaniman, pa apèl woule, pou yo ajoune reyinyon an.

Atestasyon:



Lena Parvex

**Reyinyon Gwoup Travay Admisyon Lekòl A Distans**

**Zoom**

**4 Jen 2021**

Asistant Administrativ